

**PENILAIAN AKHIR TAHUN
SEKOLAH DASAR
TAHUN PELAJARAN 2020 / 2021**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : V (Lima)
Hari/Tanggal : Sabtu, 12 Juni 2021
Waktu : 07.30 – 09.00 WIB

Petunjuk Umum

1. Ndongoa luwih dhisik sak dhurunge mangsuli pitakon!
2. Tulisen luwih dhisik jeneng lan nomermu ana papan kang cumawis!
3. Garapen luwih dhisik pitakon sing kok anggep luwih gampang!
4. Matura pengawas yen anabab- babkangkurangcetha!
5. Telitinen luwih dhisik garapanmu sadurunge kok tumpuk!

Wacanen kanthi pratitis lan premati

Jatingaleh

Nalika semana, tindake Kanjeng Sunan Kalijaga tumeka ing sawijining panggonan. Papan iku saiki pernahe ana ing kutha Semarang iring kidul. Papan kono rikala semana isih wujud alas gedhe lan rungkud. Dene tindake Sunan Kalijaga ing wektu iku saperlu golek wit jati gedhe kanggo cagake mesjid kang lagi dibangun dening para Wali ing Demak.

Tekan ing papan kono, Sunan Kalijaga pirsani ana wit jati tuwa sing gedhe banget, lan tukule lempeng. Miturut pamanggihe Kanjeng Sunan, wit jati tuwa lan gedhe iku cocog banget kanggo cagake mejid. Sunan Kalijaga ngendelake tindake. Panjenengane leren sedhela ing sacedhake wit jati gedhe iku. Wit jati gedhe iku dipirsani wiwit saka bongkot nganti tekan pucuke.

"Jati iki pancen wis tuwa lan gedhe tenan, cocog lamun kanggo cagak mesjid," batine Sunan Kalijaga.

Kanthi alon, wit jati gedhe dhuwur iku dicedhaki. Nanging anehe, dumadakan wit jati iku ilang saka paningale. Sunan Kalijaga noleh ngiwa nengen, ngematake papan ing sakiwa tengene. Jebul wit jati tuwa iku wis pindhah enggon, ngadoh saka papan paggonane. Sunan Kalijaga bali nyedhaki wit jati tuwa iku maneh ing papane saiki. Nanging anehe nalika wis cedhak, wit jati tuwa iku bali ngilang lan pindhah enggon maneh. Mangkono bola-bali. Saben dicedhaki, wit jati tuwa iku mesthi pindhah utawa ngalih enggon.

"We, lha kok ana kedadean nganeh-anehi. Wit jati iku saben dakcedhaki mesthi ngalih. Dakparani menyang panggonane sing anyar, saben wis cedhak mesthi ngalih maneh. Sajake wit jati tuwa iku ora gelem dianggo cagake mesjid. Ya wis, kanggo pengeling-eling marang kedadean iki, papan kene dakjenengake JATINGALIH, sing dumadi saka tembung wit jati sing tansah ngolah-ngalih saben dakcedhaki," pangandikane Sunan Kalijaga.

Tembung jati ngalih owah gingsir pangucap dadi jati ngaleh. Wusanane papan kono dadi rame, lan diarani jatingaleh nganti tekan seprene.

1. Wenehana tanda ping (x) aksara a, b, c utawa d sak ngarepe pratelan kang bener!

1. Tembung jati ngaleh dumadi saka tembung
 - a. jati lan ngaleh
 - b. jati lan ngalih
 - c. wit jati sing ngalih
 - d. wit jati sing ngaleh
2. Kedadean aneh sing dialami dening Sunan Kalijaga yaiku
 - a. ana wit jati tuwa sing gedhe banget lan lempeng tukule
 - b. ana wit jati sing saben dicedhaki mesthi ngalih enggon
 - c. ana wit jati tuwa tukul ing tengah alas sing rungkud
 - d. ana wit jati gedhe bisa kanggo cagak mesjid Demak

3. Sunan Kalijaga kendel sedhela ing sacedhake wit jati gedhe saperlu
 - a. leren merga kesel
 - b. ngeyup merga kepanasen
 - c. mirsani gedhene uwit
 - d. arep negor wit jati
4. Wit jati gedhe iku cocog kanggo cagak mesjid merga
 - a. wis tuwa lan tukule lempeng
 - b. wis tuwa lan gedhe banget
 - c. wis tuwa lan bisa digunakake
 - d. wis tuwa lan gampang ditegor
5. Alas rungkud sing ana wile jati gedhe iku mapane ana ing
 - a. iring kulon Demak
 - b. iring kidul Demak
 - c. iring kulon Semarang
 - d. iring kidul Demak
6. Mesjid Demak dibangun dening ...
 - a. Sunan Kalijaga
 - b. Sultan Demak
 - c. para Wali
 - d. masyarakat
7. Sunan Kalijaga tindak kanthi tujuan ...
 - a. golek panggonan kanggo ngedhekake mesjid
 - b. golek wit jati gedhe kanggo cagake mesjid
 - c. menyang kutha Semarang golek cagak mesjid
 - d. niti priksa alas jati kang ana ing kutha Semarang
8. Wong kang tumindak ala bakal nemu....
 - a. mulya
 - b. kepenak
 - c. cilaka
 - d. beja
9. Srikandhi winisuda dadi senapati Pandawa. Tembung winisuda tegese....
 - a. ditetepake
 - b. dikongkon
 - c. dijuluk
 - d. dipeksa
10. Dipadhakake bocah cilik, durung dianggep dewasa , paribasan
 - a. dudutan lan anculan
 - b. durung ilang pupuk lempuyange
 - c. durung pecus selak besus
 - d. dom sumurup ing banyu
11. Sadurunge ana traktor,biyen nggarap sawah diluku nganggo
 - a. kebo lan sapi
 - b. jaran lan sapi
 - c. sapi lan wedhus
 - d. kebo lan jaran
12. Bapak kula aturi ... rumiyin kula kentun
 - a. mangkat
 - b. budhal
 - c. tindak
 - d. sanja
13. Para mudha duwe kewajiban **nguri-uri** kabudayan jawi.
Nguri-uri tegese
 - a. nglestarekake
 - b. mbucalake
 - c. ngrembaka
 - d. ngilangak
14. Nyanthelake kupat ana ing paga, wonten lepat nyuwun
 - a. perkara
 - b. kelara
 - c. ana-ana
 - d. ngapura
15. Dadi wong aja sok gawe ... liyan
 - a. pitunaning
 - b. bungahing
 - c. senenging
 - d. pemareming
16. Tibaning swara ing pungkasane gatra ing tembang macapat diarani....
 - a. guru lagu
 - b. guru gatra
 - c. guru wilangan
 - d. guru tembang

17. Le Har , aja pisan-pisan njupuk barange wong liya ya! Harno dipesen supaya.....

- a. ora clemér
- b. open barange wong liya
- c. njupuk barange wong liya
- d. gelem barange wong liya

18. Toni : " Halo Endra, Apa PR mu wis rampung?"

Endra : ""

Toni : " Wah kebeneran aku arep takon !"

Endra : " Takon sing endi ?

Ukara sing diucapke Endra mestine....

- a. "durung dakgarap".
- b. " lagi wae rampung".
- c. " mengko disik yo".
- d. " halaman pira" ?

19. 

Yen ditulis latin yaiku....

- a. toko sega kunir
- b. toko sega goreng
- c. toko sega bandeng
- d. toko sega kuning

20. Bocah sing akeh banget polahe, diumpamakake anteng....

- a. anteng
- b. kreneng
- c. banget
- d. kitiran

21. ... regane buku gambar kuwi ?

- a. apa
- b. pira
- c. kepiye
- d. sapa

22. Omongane Suti kae " Esuk dele sore tempe ". Tegese.....

- a. seneng dele lan tempe
- b. mencla-mencle
- c. ora seneng dele lan tempe
- d. ora seneng goroh

23. Bu Guru ... ngasta tas isine buku

- a. mangkat
- b. mlaku
- c. teka
- d. rawuh

24. Pangkur.

Wajibé bocah sekolah

Kudu sregep sinau siyang ratri

Ngudia ngelmu lan kawruh

Prayoga lakonana

Kanthi lila legawa lair lan kalbu

Aja digawe sembrana

Kabeh iku ora becik

Tembang pangkur sapada ana ... gatra.

- a. 5
- b. 7
- c. 6
- d. 8

25. Guru wilangan lan guru lagu gatra kapisan tembang pangkur

- a. 8a
- b. 11a
- c. 8i
- d. 11i

26. Tembang pangkur kalebu tembang

- a. dolanan
- b. gedhe
- c. macapat
- d. kreasi

27. Manut tembang pangkur ing ndhuwur,kuwajibane bocah sekolah kudu sregep

- a. maca
- b. sinau
- c. nulis
- d. sekolah

28. Kudu sregep sinau siyang ratri. Tembung **ratri** tegese padha karo

- a. esuk
- b. sore
- c. awan
- d. bengi

29. Layang uleme wis dak terake menyang **omahe** Pak Lurah.

Tembung omahe ora trep panulisane sing bener yaiku

- a. daleme
- b. gubuge
- c. sudunge
- d. pondoke

30. Wedange wis dak gawe,banjur simbah dak aturi **ngombe**.

Tembung ngombe ora bener sing trep yaiku

- a. nyruput
- b. dhahar
- c. ngunjuk
- d. mangan

II. Wangsulana pitakon – pitakon ngisor iki kanthi pratitis !

1.



Gambar wayang ing sisih kiwa iki
Sapa jenenge?
Ngendi kasatriyane?

- 2. Dadung senengane mbalangi peleme tanggane.Saben-saben dielengake dheweke malah nesu.
Coba wenehana pitutur kang becik marang Dadung !.
- 3. Ukara iki tulisen nganggo aksara jawa !
Ana bocah nyekel luwak
- 4. Gaweya ukara nganggo tembung
a. miyos : sing tegese liwat
b. miyos : sing tegese lair
- 5. Ukara iki kramakna !
Bapak lara untu ora isa turu